# 2022- jıldıń yanvar-mart aylarında Qaraqalpaqstan Respublikasında tiykarǵı kapitalǵa ózlestirilgen investiciyalar

2022- jıldıń yanvar-mart aylarında tiykarǵı kapitalǵa ózlestirilgen investiciyalar kólemi ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti 105,7 % ti quradı.




Jámi investiciyalar kóleminen, oraylastırılmaǵan qarjılandırıw derekleri esabınan qarjılandırılǵan tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń úlesi, ótken jıldıń sáykes dáwirindegi úlesine salıstırǵanda 90,1 %, yaǵnıy 1466,8 mlrd. sumdı quradı.

Uyqas túrde, oraylastırılǵan qarjılandırıw derekleri esabınan qarjılandırılǵan tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń úlesi, ótken jıldıń sáykes dáwirindegi úlesine salıstırǵanda 9,9 %, yaǵnıy 161,5 mlrd. sumdı quradı.



| Oraylastırılǵan qarjılandırıw derekleri esabınan investiciyalar dúzilisi, % te | | Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, % te |
|---|---|---|
| 0,1 | Suw támiynatı hám kanalizaciya sistemaların rawajlandırıw fondı | 6,2 e. |
| 4,0 | Respublika byudjeti | 70,4 |
| 1,2 | Tikleniw hám rawajlanıw fondı | 72,3 |
| 4,6 | ÓzR kepilligindegi shet el kreditleri | 114,6 |

| Oraylastırılmaǵan qarjılandırıw derekleri esabınan investiciyalar dúzilisi, % te | | Ótken jılıdıń sáykes dáwirine salıstırǵanda % te |
|---|---|---|
| 37,6 | Kárxanalardıń óz qarjıları | 109,2 |
| 16,1 | Xalıqtıń qarjıları | 137,4 |
| 21,9 | Tuwrıdan-tuwrı shet el investiciya hám kreditler | 109,0 |
| 14,5 | Komercialıq bank kreditleri hám basqa qarız derekleri | 84,8 |

*2022- jıldıń yanvar-mart aylarında kárxana hám mekemelerdiń óz qarjıları esabınan qarjılastırılǵan tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar – 611,8 mlrd. sum yaǵnıy jámi tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń 37,6 % in quradı. Xalıqtıń qarjıları esabınan jámi tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń 16,1 % yaǵnıy 262,3 mlrd. sumı ózlestirildi.*

*Shet el investiciyaları hám kreditleri esabınan ózlestirilgen investiciyalar kólemi 431,7 mlrd. sumdı qurap hám ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 109,9 % ti qurap 26,5 % ti quradı.*

## *Tiykarǵı kapitalǵa ózlestirilgen investiciyalardıń qarjılandırıw derekleri*






Sonıń menen birge, Komerciyalıq bankler kreditleri hám basqa qarız derekleri esabınan 235,8 mlrd. sum (jámi tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń 14,5 % in qurap, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 15,2 % li punktke kemeydi), Ózbekstan Respublikası kepilligindegi shet el kreditleri 74,8 mlrd. sum (4,6 % hám 14,6 % ti punktke kóbeydi), Shet el investitciyaları 78,9 mlrd. sum (4,8 % hám 13,2 % li punktke kóbeydi), Kepilliksiz shet el investiciya hám kreditler 278,0 mlrd. sum (17,1 % hám 7,9 % li punktke kóbeydi), Tikleniw hám rawajlanıw fondı 19,4 mlrd. sum (1,2 % hám 27,7 % li punktke kemeydi), Respublika byudjeti 65,6 mlrd. sum (4,0 % hám 29,6 % li punktke kemeygen), Suw támiynatı hám kanalizaciya sistemaların rawajlandırıw fondı 1,7 mlrd. sum (ótken jildıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 6,2 esege kóbeydi) muǵdarında tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar ózlestirildi.

*Tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar ósim pátlerin qarjılandırıw derekleri boyınsha eń joqarı kórsetkish suw támiynatı hám kanalizaciya sistemaların rawajlandırıw esabınan gúzetilip, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 6,2 esege asqan.*

*Respublikanıń barlıq rayonlarında taza ishimlik suwı menen támiynlew sonıń menen birge gaz támiynatı boyınsha joybarlardıń orinlanıwı, hámde temir jol, jolawshı transportı hám júk tasıw transportın jánede jetilistiriw jumısları boyınsha joybarlar investicion aktivlik penen anıqlama beriw múmkin.*

*Sonıń menen birge, xalıqtıń qarjıları esabınan qarjılastırılǵan investiciyalar ótken jıldıń sáykes dáwirine qaraǵanda 137,4 % ti quradı.*

## Qarjılandırıw derekler boyınsha aymaqlar kesiminde tiykarǵı kapitalǵa ózlestirilgen investiciyalar

| | Jámi tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar, mlrd. sum | sonnan: qarjılandırıw derekleri boyınsha | | |
|---|---|---|---|---|
| | | Respublika byudjeti | Kárxana hám mekemelerdiń óz qarjiları | Xalıqtıń qarjıları |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **1628,3** | **65,6** | **611,8** | **262,3** |
| Nókis q. | 440,6 | 38,3 | 323,8 | 31,7 |
| rayonlar: | | | | |
| Ámiwdárya | 77,9 | 0,1 | 12,8 | 26,0 |
| Beruniy | 75,5 | 0,2 | 17,3 | 30,5 |
| Bozataw | 24,5 | 5,4 | 1,0 | 2,7 |
| Qaraózek | 99,3 | 2,2 | 10,8 | 5,5 |
| Kegeyli | 24,3 | 1,2 | 5,0 | 5,4 |
| Qońırat | 167,5 | 1,3 | 64,2 | 10,0 |
| Qanlıkól | 18,9 | 0,4 | 2,7 | 9,0 |
| Moynaq | 301,9 | 2,3 | 81,1 | 7,0 |
| Nókis | 43,8 | 4,8 | 4,7 | 20,6 |
| Taqıyatas | 47,5 | 1,2 | 12,5 | 9,2 |
| Taxtakópir | 14,1 | 0,4 | 1,8 | 6,0 |
| Tórtkúl | 93,3 | 1,2 | 15,9 | 28,4 |
| Xojeli | 36,6 | 0,5 | 10,6 | 14,7 |
| Shımbay | 56,7 | 5,6 | 8,0 | 25,8 |
| Shomanay | 32,4 | 0,1 | 14,6 | 7,1 |
| Ellikqala | 73,5 | 0,4 | 25,0 | 22,7 |

| | *sonnan: qarjılandırıw derekleri boyınsha* | | | |
|---|---|---|---|---|
| | ***Shet el investiciya hám kreditler*** | ***Suw támiynatı hám kanalizaciya sistemaların rawajlandırıw fondı*** | ***Tikleniw hám rawajlanıw fondı*** | ***Bank kreditleri hám basqa qarız derekleri*** |
| ***Qaraqalpaqstan Respublikası*** | ***431,7*** | ***1,7*** | ***19,4*** | ***235,8*** |
| *Nókis q.* | *22,0* | *1,7* | *-* | *23,1* |
| *rayonlar:* | | | | |
| *Ámiwdárya* | *1,5* | *-* | *18,3* | *19,2* |
| *Beruniy* | *14,6* | *-* | *-* | *12,9* |
| *Bozataw* | *1,3* | *-* | *-* | *14,1* |
| *Qaraózek* | *65,2* | *-* | *-* | *15,6* |
| *Kegeyli* | *4,4* | *-* | *-* | *8,3* |
| *Qońırat* | *74,7* | *-* | *-* | *17,3* |
| *Qanlıkól* | *1,2* | *-* | *-* | *5,6* |
| *Moynaq* | *195,6* | *-* | *-* | *15,9* |
| *Nókis* | *3,3* | *-* | *-* | *10,4* |
| *Taqıyatas* | *7,6* | *-* | *-* | *17,0* |
| *Taxtakópir* | *0,6* | *-* | *-* | *5,3* |
| *Tórtkúl* | *24,9* | *-* | *-* | *22,9* |
| *Xojeli* | *1,1* | *-* | *-* | *9,7* |
| *Shımbay* | *5,8* | *-* | *0,5* | *11,0* |
| *Shomanay* | *1,0* | *-* | *-* | *9,6* |
| *Ellikqala* | *6,9* | *-* | *0,6* | *17,9* |

## *2022- jıl yanvar-mart aylarında aymaqlar boyınsha tiykarǵı kapitalǵa ózlestirilgen investiciyalar*

| | | *Ósim páti, % te* | *Investiciyalar kólemi, mlrd.sum* | *Respublikadaǵı úlesi, % te* |
|---|---|---|---|---|
|  | **Nókis qalası** | 109,1 | 440,6 | 27,1 |
|  | **Ámiwdárya rayonı** | 101,4 | 77,9 | 4,8 |
|  | **Beruniy rayonı** | 95,8 | 75,5 | 4,6 |
|  | **Bozataw rayonı** | 303,7 | 24,5 | 1,5 |
|  | **Qaraózek rayonı** | 72,1 | 99,3 | 6,1 |
|  | **Kegeyli rayonı** | 71,7 | 24,3 | 1,5 |

| | | *Ósim páti, % te* | *Investiciyalar kólemi, mlrd. sum* | *Respublikadaǵı úlesi, % te* |
|---|---|---|---|---|
|  | **Qońırat rayonı** | 106,9 | 167,5 | 10,3 |
|  | **Qanlıkól rayonı** | 51,3 | 18,9 | 1,2 |
|  | **Moynaq rayonı** | 325,0 | 301,9 | 18,5 |
|  | **Nókis rayonı** | 91,8 | 43,8 | 2,7 |
|  | **Taqıyatas rayonı** | 100,6 | 47,5 | 2,9 |
|  | **Taxtakópir rayonı** | 54,7 | 14,1 | 0,9 |

| | Ósim páti, % te | Investiciyalar kólemi, mlrd. sum | Respublikadaǵı úlesi, % te |
|---|---|---|---|
|  Tórtkúl rayonı | 101,0 | 93,3 | 5,7 |
|  Xojeli rayonı | 62,5 | 36,6 | 2,2 |
|  Shımbay rayonı | 116,3 | 56,7 | 3,5 |
|  Shomanay rayonı | 82,3 | 32,4 | 2,0 |
|  Ellikqala rayonı | 47,8 | 73,5 | 4,5 |

Aymaqlar kesiminde tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar ózlestiriliwi boyınsha ótken jıldıń sáykes dáwirine eń joqarı ósim pátı 325,0 % ke ósip, Moynaq rayonında gúzetildi. Bul tiykarınan tábiyǵiy gazdi qazıp alıwǵa ózlestirilgen investiciyalar menen baylanıslı.

Sonıń menen birge, Bozataw rayonında hám joqarı ósim pátı gúzetilip, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 303,7 % ti quradı. Bunday nátiyjeni irrigaciya tarmaqları hám inshaatları, awıllıq jerlerde úlgili joybarlar tiykarında kóp qabatlı turaq-jaylardıń qurılısına ózlestirilgen investiciyalar menen anıqlama beriw múmkin.

**2022- jıl yanvar-mart aylarında tiykarǵı kapitalǵa ózlestirilgen investiciyalardıń ósim pátleri, % te**




***Tiykarǵı kapitalǵa ózlestirilgen investiciyalardıń texnologiyalıq dúzilisi, % te***

| 42,7 | 49,5 | 7,8 |
|---|---|---|
| Mashina, úskene, inventarlar | Qurılıs-montaj jumısları | Basqa ǵárejetler |

Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń texnologıyalıq dúzilisinde mashina, úskene hám inventarlarǵa 695,0 mlrd. sum investiciyalar ózlestirilgen bolıp, jámi investiciyalardıń 42,7 % in quradı, qurılıs montaj jumısları boyınsha 806,3 mlrd. sum (jámi investiciyalardaǵı úlesi 49,5 %) hám basqa ǵárejetlerge 127,0 mlrd. sum (7,8 %) ózlestirildi.

Aymaqlar kesiminde jámi tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar kóleminde qurılıs-montaj jumıslarınıń úlesi boyınsha eń joqarı kórsetkish Qońırat rayonında gúzetildi – 84,3 % yaǵnıy 141,3 mlrd. sum hám bul rayonda mashina, úskene hám inventarlarǵa ǵárejetler boyınsha eń tómen dáreje – 10,6 % yaki 17,8 mlrd. sumdı quradı.

Qurılıs-montaj jumıslarınıń úlesi boyınsha eń tomen dáreje Qaraózek rayonında gúzetilip, 10,9 % ti yaǵnıy 10,8 mlrd. sumdı quradı.

***Tiykarǵı kapitalǵa ózlestirilgen investiciyalardıń tákirar islep shıǵarıw quramı***

**Jańa qurılıs- 38,9 %**

***Keńeytiw, rekonstrukciya, modernizaciyalaw-*** **29,7 %**

**Basqa jónelisler- 31,4 %**

*Ámeldegi esabat dáwirinde tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalardıń úlken bólegi jańa qurılısqa jóneltirilgen investiciyalar kólemi 633,3 mlrd. sumdı qurap, jámi ózlestirilgen investiciyalardıń 38,9 % in quradı.*

*Ekonomikada ámeldegi obiektlerdi keńeytiriw, rekonstrukciya qılıw, modernizaciyalaw hám texnikalıq qayta qurallandırıwǵa jóneltirilgen investiciyalar kólemi 483,5 mlrd. sumdı qurap, jámi ózlestirilgen investiciyalardıń 29,7 % in quradı.*

*Basqa jónelislerge jóneltirilgen investiciyalar kólemi 511,5 mlrd. sumdı qurap, jámi ózlestirilgen investiciyalardıń 31,4 % in quradı.*

## *Tiykarǵı kapitalǵa ózlestirilgen investiciyalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha dúzilisi*

### *jámine salıstırǵanda % te*



## *Tiykarǵı kapitalǵa ózlestirilgen shet el investiciya hám kreditler*

*mlrd. sum*

| | Jámi | sonnan: | | |
|---|---|---|---|---|
| | | Tuwrıdan-tuwrı hám basqa shet el investiciyalar | ÓzR kepilligindegi shet el kreditler | Kepilliksiz shet el investiciyalar hám kreditler |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **431,7** | **78,9** | **74,8** | **278,0** |
| Nókis q. | 22,0 | 3,7 | 18,3 | - |
| rayonlar: | | | | |
| Ámiwdárya | 1,5 | - | 1,5 | - |
| Beruniy | 14,6 | - | 4,7 | 9,9 |
| Bozataw | 1,3 | - | 1,3 | - |
| Qaraózek | 65,2 | 13,5 | 0,7 | 51,0 |
| Kegeyli | 4,4 | 3,5 | 0,9 | - |
| Qońırat | 74,7 | 48,7 | 26,0 | - |
| Qanlıkól | 1,2 | 0,9 | 0,2 | 0,1 |
| Moynaq | 195,6 | 3,0 | - | 192,6 |
| Nókis | 3,3 | - | 1,0 | 2,3 |
| Taqıyatas | 7,6 | - | 0,8 | 6,8 |
| Taxtakópir | 0,6 | - | 0,6 | - |
| Tórtkúl | 24,9 | - | 10,5 | 14,4 |
| Xojeli | 1,1 | - | 0,2 | 0,9 |
| Shımbay | 5,8 | 5,6 | 0,2 | - |
| Shomanay | 1,0 | - | 1,0 | - |
| Ellikqala | 6,9 | - | 6,9 | - |

Tiykarǵı kapitalǵa shet el investiciya hám kreditler esabınan ámeldegi esabat dáwirinde 431,7 mlrd. sum ózlestirilgen bolıp, jámi ózlestirilgen investiciyalardıń 26,5 % in quradı.

Shet el investiciyalar esabınan ózlestirilgen investiciyalar kólemi 78,9 mlrd. sumdı qurap, shet el kreditler esabınan bolsa 352,8 mlrd. sumı ózlestirildi.

## Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha shet el investiciyaları hám kreditleri jámige salıstırǵanda % te



**8,1 %**

*Awıl xojalıǵı*



**59,0 %**

*Taw-kán sanaatı*



**18,8 %**

*Qayta islew sanaatı*



**6,7 %**

*Tasıw hám saqlaw*



**3,6 %**

*Elektr, gaz benen támiyinlew*



**0,9 %**

*Xabar hám baylanıs*

**2,9 %**

*Basqalar*

*Investiciyalar hám qurılıs statistikası bólimi*

Baylanıs telefonı: *(61) 224-92-14*
*222-75-91*